

Femaide kuri *1-877-336-2433* ni inimeru ya telefone y'abavuga igifaransa mushobora guhamagara umwanya uwariwo wose ku buntu ku bakenyezi bahahajwe mu ntara ya Ontario. Ku bafise ingorane z'ukutumva neza, bashobora guhamagara kuri *1-866-860-7082*.

Ivyo muvugira kuri izo nimeru biguma ari ibanga.

Iyi nyandiko iboneka no mu gifaransa

Imfashanyo ya Guvernema ya Ontario

Kubifuza kuronka izindi nsiguro ku mfashanyo zitangwa na Femaide, muraraba kuri site: www.briserlesilence.ca

Kubifuza izindi nsiguro muraraba kuri site: www.voisinsamisetfamilles.on.ca

Mutinye kuvyerekeye umutekano wanyu, muhamagare vyihutirwa abajejwe umutekano.

KIRUNDI

Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango

*Impanuro
zijanye
n'integuro
y'ukwingira
ku bakenyezi
bahahazwa*



Integuro yokwikingira niyo ntambwe ya mbere. Ng'izi impanuro zihambaye zobafasha kwingira:

- 1 Mubwire umuntu mwizigiyeingene muhahajwe.
- 2 Ushire hamwe inyandiko zikomere: impapuro zikuranga, amkarata y'ububiko, inyandiko z, imitungo; imfuguruzo, imiti., amakarata yo kwivuza, impapuro zerekana amatelefone y'abagenzi, n, inyandiko z'ubutungane (akarorero: impapuro zikuranga muri Canada, impapuro z'inzu niba uyifise canke z'uwupangiye.
- 3 Egeranya amafoto, imiringa, imigufu, impeta n'ibindi bintu ukunda kandi bizimvye, n'ibikinsho vy'abana n'ibindi bibahoza.
- 4 Wame ugendana ifoto y'umutasi n, iy'abana banyu.
- 5 Muvugane n'inzu y'ubuhungiro y'abakenyezi bahahajwe canke abajejwe umutekano, mubasabe kuvugana n'uwushinzwe ibibazo vy'agahahazo kagirirwa abakenyezi. Uyu azabafasha kunononsora integuro yanyu yo kwikingira.
- 6 Murabe ujejwe amategeko, mugumane ivyemeza uguhahazwa kwawe (akarorero: amafoto). Mwandike ivyabaye, amatariki, iterabwoba n, amazina y'ivyabona.
- 7 Umenyeshe ishule y'abana canke ikigo kiraba abana batarageza imyaka y'ishule ingene ibintu bimeze kandi ubahe amakopi y'ivyandiko vyose bikenewe.
- 8 Ntuze wigere ubwira uwo mutasi ko ugiye aliko ugende ningoga.
- 9 Ntuze usubire muhira i wawe udahagarikiwe n, abajejwe umutekano. Ntugahangane n,umutasi.
- 10 Ntimuze muhangane na limwe n'umutasi.